




Sa w dwe konnen sou tibèkiloz (TB)


Ki sa tibèkiloz (TB) la ye?

TB se yon enfeksyon oswa yon maladi ki koze atravè yon mikwòb ou respire nan poumon w. Gen de fòm TB: Enfeksyon TB ak maladi TB.



Kisa enfeksyon TB ye?

Enfeksyon TB, se yon fòm TB kote w gen yon ti kantite mikwòb TB ki rete vivan nan kò ou, men yo pa nwi ou. Defans kò w (sistèm iminitè w) ap anpeche yo koze pwoblèm. Ou santi w byen, ou pa malad, epi ou pa kapab transmèt mikwòb TB yo bay pèsonn. Si w gen enfeksyon TB epi sistèm iminitè w vin febli akòz yon lòt maladi oswa akòz medikaman ou kapab pran, enfeksyon TB ou a kapab devlope an maladi TB. Pafwa yo rele enfeksyon TB: TB "latent" oswa TB "k ap dòmi".



Ki sa maladi TB ye?

Maladi TB se yon fòm TB kote w gen yon gwo kantite mikwòb TB k ap viv nan kò w, men yo p ap fè ou mal. Anjeneralman, ou santi w malad, epi byen souvan ou kapab gaye mikwòb TB yo bay lòt moun. Maladi TB kapab parèt nan nenpòt pati nan kò w, men anjeneral li afekte poumon w.

Sentòm ki pi komen nan maladi TB yo se **tous, lafyè, pèt apeti, pèdi pwa, feblès, swe lannwit, epi santi w fatige anpil.**

Poukisa w dwe bay sa enpòtans?


TB se youn nan 10 pwensipalkòz ki koze lanmò atravè lemond.

Chak ane, plis pase 10 milyon moun tonbe malad ak TB.

Li kapab evite e li kapab geri.

Kiyès ki an danje?

- Moun ki viv kole kole ak yon moun ki gen TB aktif (lè l touse mikwòb TB nan lè a)
- Moun ki te viv nan zòn nan mond lan kote ki gen anpil TB
- Moun ki gen sistèm iminitè fèb (pa egzansp, moun k ap pran chimyoterapi)
- Travayè swen sante ak anplwaye k ap travay nan prizon oswa sant detansyon
- Moun k ap viv nan anviwònman ki gen anpil moun kote lè fre pa sikile byen



Sentòm pou siveye:




Tous ki pèsiste
(plis pase 2 semèn)




Touse san



Swe lannwit



Pèdi pwa




Lafyèw



Santi w fatige
anpil

Anpeche pwopagasyon TB:



Fè tè s si w santi w riske



Kouvri bouch ou lè w ap touse



Si tè s ou a pozitif pou **enfeksyon** TB,
y ap ba w youn oubyen plizyè
medikaman pou trete enfeksyon an.
Pran tout medikaman w yo pou
enfeksyon an pa tounen yon maladi TB.



Si tè s ou a pozitif pou **maladi** TB,
w ap pran plizyè medikaman.
Pran tout medikaman w yo pou
geri maladi a.

TB kapab geri. Pa inyore siy yo. Resous ak sipò yo disponib pou pasyan ak fanmi yo.

Rele Klinik Tibèkiloz RISE nan Lopital Miriam lan nan
401-793-2427 pou pran yon randevou pou tè s ak
tretman. Klinik RISE la sitiye nan 14 Third Street,
Providence, RI. Sèvis entèpretasyon disponib. Pou plis
enfòmasyon sou klinik la, vizite tinyurl.com/TB-clinic.

Jwenn plis enfòmasyon sou TB nan
health.ri.gov/tbtuberculosis.



Li enpòtan pou w jwenn swen nesèsè pou rete
an sante. Si w gen kesyon jiridik konsènan dwa
imigran yo pou yo jwenn aksè konfidansyèl ak
sèvis swen sante, rele Dorcas International nan
401-784-8607.



DORCAS INTERNATIONAL
INSTITUTE OF RHODE ISLAND